# ТИЛ БИЛИМИНДЕ ЖУМБАҚЛАРДЫҢ ЛИНГВОФОЛЬКЛОРИСТИКАЛЫҚ БАҒДАРДА ИЗЕРТЛЕНИЎИ

**Э.Наубетуллаева** – *ассистент оқытыўшы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** топишмоқ, қорақалпоқ тилшунослиги, туркий тилшунослик, урф-одат, лингвофольклористика.
**Ключевые слова:** загадки, каракалпакское языкознание, тюркология, обряды, лингвофольклористика.
**Key words:** riddles, Karakalpak linguistics, Turkology, rituals, linguafolk.

Хәр бир миллет тилиниң раўажланыўы өзи хызмет ететуғын жәмийеттиң социал-экономикалық, сиясий ҳәм мәдений турмысы, раўажланыў дәрежеси менен байланыслы. Тилдиң ҳәр бир бирлигинде сол халықтың турмысы, үрп-әдети, дәстүрлери өз сәўлелениўин табады. Қарақалпақлар - халық аўызеки дөретпелерине бай халықлардың бири. Фольклорлық шығармалар халықтың тарийхы, оның тилиниң тарийхы туўралы жүдә бай материаллар береди.

Әдебий тилдиң аўызеки формасында пайда болған фольклорлық дөретпелер менен қарақалпақ жыраўларының толғаў, термелери тилинде халық тилиниң лексика-фразеологиялық байлықлары, тилдеги сөзлердиң қолланыў өлшемлери қәлиплесе баслағанын ҳәм турақласқан синтаксислик конструкцияларды көриўге болады [1]. Қарақалпақ халық жумбақлары да өзиниң көркемлиги жағынан бай, халық турмысын сәўлелендириўши халық аўызеки дөретпелериниң бири. Соның ушын халықтың әдебий мийрасларын қәстерлеп, келешек әўладларға жеткерип бериў ҳәр биримиздиң әдиўли ўазыйпаларымыздан есапланады.

Қарақалпақ тил билиминде халық аўызеки дөретпелери, соның ишинде жумбақлардың тили еле арнаўлы изертленилмеген тың мәселелердиң бири. Қарақалпақ жумбақлары, әсиресе, жас балалар арасында көп айтылып, олардың ой-өрисин байытыўда, логикалық ойлаў қәбилетин өсириўде әҳмийетли орын тутады. Әзелденақ халқымыздың балалар тәрбиясына итибарын ҳәм тилимиздиң байлығын көрсете алғанлығын, жумбақлардың, нақыл-мақаллардың мазмунынан, тил қурылысынан көремиз.

Жумбақлар өзине тән синтаксислик дүзилиске ийе. Олардың усы өзгешелигин изертлеў қарақалпақ тил билиминде актуаль мәселелердиң бири болып тур. Бул мақаламызда қарақалпақ тил билиминиң актуаль мәселелериниң бири- жумбақлардың тил билиминде изертлениў мәселелери сөз етиледи.

Фольклорлық дөретпелердиң ишинде жумбақлардың тил өзгешеликлерин изертлеўге арналған мийнетлер де аз емес. Рус тил билиминде В.В.Чернышевтиң диссертациясы рус жумбақларының синтаксислик дүзилисине арналған болып, онда дәслеп рус тилинде жумбақлардың изертлениў тарийхы туўралы мағлыўмат берип, текстте жумбақлардың қурылысы, жумбақлардағы берилген сораўын ҳәм шешимин өз алдына алып таллаў жүргизеди. Жумбақлардың жай ҳәм қоспа гәп, мазмуны бойынша хабар, сораў гәп түринде келетуғынлығын, жай гәптиң толық ҳәм толық емес, бир бас ағзалы ҳәм еки бас ағзалы болып келиўин мысаллар арқалы көрсеткен. «Толық емес гәплер жумбақларда көркемликти тәмийинлеў ушын қолланылады, яғный жумбақты қысқа ҳәм ықшам етип, ритмди сақлаўға жәрдем береди» [13] - деп есаплайды. Сондайақ рус тилиндеги жумбақлардағы қоспа гәплердиң бағыныңқылы ҳәм дизбекли түрине, оларды байланыстырыўшы қураллар, дәнекерли ҳәм дәнекерсиз болып бөлиниўлерин мысаллар менен көрсетип берген.

Рус тил билиминде Е.А.Казанцеваның кандидатлық диссертациясы да жумбақлардың дүзилисин изертлеўде айрықша әҳмийетке ийе жумыслардың бири болды [9]. Бул изертлеўинде белорус, рус ҳәм польша халық жумбақлары материаллары тийкарында олардың дүзилисин тематикалық топарларға бөлиў арқалы таллаған. Жумбақлардағы жасырылған шешимди денотат деп атап, оның түрли усыллар арқалы берилгенлиги метафора, антитеза, субститут-окказионализмлер есабынан тәмийинленеди деп есаплайды [9, 4].

Осетин халық жумбақларының лингвистикасы бойынша И.Н.Цаллагованың кандидатлық диссертациясында фонетикалық, лексика-стилистикалық, структура-грамматикалық өзгешеликлери талқыланған [12].

Тюркологияда жумбақлардың тил өзгешеликлерин үйрениў 1960-1970-жыллардан басланды. Дәслепки изерлеўлердиң бири Ж.Адамбаеваның изертлеўи болды [4]. Жумбақлардың стилистикалық өзгешеликлерин ҳәм тил қурылысын айта келип, ол жаңадан пайда болған жумбақлар менен фольклорлық жумбақлардың айырмашылықларына тоқтайды. Жумбақлардың морфологиялық, лексикалық ҳәм синтаксислик тәрепин бөлимлерге бөлип изертлейди. Жумбақларда ушырасатуғын гөнерген сөзлер, архаизмлер көрсетиледи, жумбақлардың көбирек жай гәп түринде келип, хабар ҳәм сораў гәп мазмунын аңлататуғынын, ал үндеў гәплер жумбақларда ушыраспайтуғынлығын атап өтеди. Қоспа гәп түриндеги жумбақларды тек соңғы дәўирлерде пайда болған жумбақлар деп есаплайды. Адамның ой-өрисиниң өсиўи, илим ҳәм техниканың раўажланыўы менен жумбақлардың да дүзилиси қурамаласып, пикирлер қоспа гәп түринде бериле баслаған [4:14].

Г.И.Ахундованың диссертациясында азербайжан халық жумбақларының лексикалық ҳәм синтаксислик қурылысы изертленген. Лексикалық өзгешеликлерин изертлей отырып, жумбақлардың халық тили менен байланыслылығын, оларда архаизмлер, гөнерген сөзлер өнимли қолланылғанлығын анықлайды. Эллипсислик конструкциялар да анық ҳәм дәл ойды билдириўде қолланылған [7]– деп есаплайды.

Өзбек тилиндеги жумбақлардың тиллик өзгешеликлери бир қатар изертлеўлердиң объекти болды. Олардан Х.Абдурахмановтың докторлық диссертациясын атап өтиў мүмкин [5]. Бул изертлеўде ол халық аўызеки дөретпелериниң ишинде нақыл-мақаллар менен жумбақлардың синтаксислик дүзилисин изертлеўди мақсет етип қояды. Атаў гәплердиң халық дөретпелеринде ушырасыўы, оның әдебий тилдеги атаў гәплерден парқы, эллипсислик конструкциялар, олардың семантикалық ҳәм грамматикалық өзгешеликлерин анықлаған. Халық дөретпелериндеги (нақыл-мақаллар, жумбақлар) айырым функциональ-стилистикалық ҳәм структуралық-грамматикалық өзгешеликлери сыпатында сөзлердиң тәкирарланыўы ҳәм орын тәртиби айрықша орын ийелейтуғынлығын атап көрсетеди.

Өзбек тил билиминде Ж.Абдуллаевтың изертлеўи де жумбақлардың тил өзгешеликлерин изертлеўге арналған жумыслардың бири болды [6]. Диссертацияда ол жумбақлардың лексика-семантикалық өзгешеликлерин изертлеген. Халық жумбақларының лексикалық қатламлары, олардың жанлы халық тили менен байланысы, семантикалық-стилистикалық өзгешеликлерине тоқталады. Жумбақларда антоним, омоним, синоним ҳәм паронимлердиң кең қолланылғанлығын атап өтеди

М.Н.Саитбаеваның диссертациясында жумбақлардағы атаўыш баянлаўышлар ҳәм олардың билдирилиўи илимий жақтан талқыланған [10]. Атаўыш баянлаўышлардың эллипсис түринде келиўи, олардың келбетлик сөз шақабы, «бар», «жоқ» сөзлери арқалы билдирилиўи анықланған. Жумбақларда дәнекерсиз қоспа гәплердиң баянлаўышлары санлықтан болса, олар белгили бир нәрсеге теңеўди, салыстырыўды ямаса санын аңлатып келеди, сондай-ақ баянлаўышлары

алмасықтан, рәўиштен де болатуғыны ҳәр тәреплеме қарастырылған.

М.Сапарниязованың илимий жумысында өзбек халық жумбақларының синтакслик-семантикалық қәсийетлери ҳәр тәреплеме изертленген [11]. Изертлеў жумысында жумбақлардағы предикативлик байланыстың өзине тән тәреплерин, гәп ағзаларының қолланылыў имканиятларын, гәплердиң мазмуны бойынша түрлерин, қоспа гәп түриндеги жумбақлардың дәнекерсиз гипотаксис ҳәм паратаксис конструкцияларда келиўин мысаллар арқалы кең түрде таллаған.

Қарақалпақ тил билиминде фольклорлық шығармалардың тили бойынша Ш.Н.Абдиназимов [2], А.Т.Абдиевтиң [3] арнаўлы жумыслары бар. Солай етип, қарақалпақ тил билиминде жумбақлардың тиллик өзгешеликлери еле арнаўлы изертлеўдиң объекти болмаған, соның ушын да ҳәр тәреплеме үйрениў ўазыйпалары тур.

**Әдебиятлар**


1. Абдиназимов Ш. Бердақ ҳәм қарақалпақ жазба әдебий тили. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1997. 5-б.
2. Абдиназимов Ш.Н. «Қырық қыз» дәстанының лексикасы: Филология илимлериниң кандидаты илимий дәрежесин алыў ушын усынылған диссертация. – Нөкис: 1992. 142-б.
3. Абдиев А.Т. «Алпамыс» дәстаны тилиниң лексика-семантикалық ҳәм стилистикалық өзгешеликлери: Филология илимлериниң кандидаты илимий дәрежесин алыў ушын усынылған диссертация. -Нөкис: 2011.
4. Адамбаева Ж. Литературно-стилистические и языковые особенности казахских загадок.- Автореф. дисс…канд. фил. наук. – Алма-Ата: 1966.
5. Абдурахманов Х. Особенности синтаксиса узбекского устного народного творчества.- Автореф.дисс… докт.фил. наук. – Ташкент: 1977.
6. Абдуллаев Ж. Ўзбек халқ топишмоқларининг лексик-семантик хусусиятлари. Автореф. дисс…канд. фил.наук. – Ташкент: 1993.
7. Ахундова Г.И. Лексика и синтаксис азербайджанских народных загадок. Автореф. дисс…канд. фил. наук. – Баку: 1986.
8. Гаджиева Н.З. Бессоюзные сложные предложения в азербайджанском языке. -Автореф.дисс…канд. фил.наук. – Баку:1962.
9. Казанцева Е.А. Денотативная структура текста народной загадки на материале белорусских, русских и польских загадок: Автореф.канд. фил.наук. – Минск: 2002.

10 Саитбаева М.Н. Именное сказуемое в узбекских народных загадках. Автореф.дисс…канд. фил.наук. – Ташкент: 1984.

11. Сапарниязова М. Ўзбек халқ топишмоқларининг синтактик-семантик хусусиятлари. -Автореф. дисс…канд. фил.наук. – Тошкент: 2005.
12. Цаллагова И.Н. Лингвистические особенности осетинской загадки. –Автореф.дисс…канд.фил.наук. – Владикавказ: 2010.
13. Чернышев В.В. Синтаксис русской загадки: Автореф. дис…канд.фил.наук. – Воронеж: 1987.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада рус, туркий тилшуносликда халқ оғзаки ижоди бўлган топишмоқларнинининг лингвофольклористик жиҳатдан ўрганилиши, мавзунинг долзарблиги ва олдиндаги вазифалар хақида фикр юритилган. Халқ оғзаки ижодининг тил хусусиятларини таҳлил қилиш- халқнинг тарихи ва тил тарихи учун манба бўлиб ҳисобланиши тадқиқотлар асосида таҳлил қилинган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматривается лингвофольклористическое исследование загадок в русском языке, тюркологии и в каракалпакском языке, , актуальность изучения языка загадок и их задачи. Изучение языковых особенностей фольклора –это источник сведений об истории народа, истории языка.

**SUMMARY**

The article discusses linguistic and folklorisic study of riddles in the Russian language, Turkic studies and the Karakalpak language, the relevance of studying the language of riddles and tasks. The study of the linguistic features of folklore is a source of information about the history of the people, the history of the language.


# ИЛМИЙ МАТНЛАРДА БАЪЗИ АНТРОПОМОРФИК МЕТАФОРАЛАРНИНГ СОЦИОЛИНГИВИСТИК ТАҲЛИЛИ


**Г.Насруллаева** - *катта ўқитувчи*

*Тошкент ахборот технологиялари университети Қарши филиали*



**Таянч сўзлар:** илмий матн, антропоморфик метафора, илмий оммабоп нутқ, нутқий вазият, жамият, тил, социолингивистика, прагматика.

**Ключевые слова:** антропоморфная метафора научного текста, научно-популярная речь, разговорная ситуация, общество, язык, социолингвистика, прагматика.

**Key words:** anthropomorphic metaphor of a scientific text, popular science speech, colloquial situation, society, language, sociolinguistics, pragmatics.


Метафорани илмий ўрганиш Аристотелдан бошланган бўлиб, кейинчалик унинг асарлари орқали бу мавзу издошлари томонидан давом эттирилган. А.Ричардс, М.Блек, Н.Д.Арутюнова, М.Жонсон, Ж.Лакофф ва бошқа машҳур тилшунослар метафорани ўрганишни давом эттириб, унинг тилдаги ўрни ва ролини аниқлашга, бу борадаги илмий тасаввурларни кетгайтиришга катта эътибор қаратган. Ҳозирги замон тилшунослигида тилга антропосентрик ёндашувнинг асосий ўрин эгаллагани сабабли турли нутқ вазиятларига боғлиқ ҳолатда антропоморфик метафораларни ўрганишга катта эътибор берилмоқда. Чунки метафораларда ёрқинлик, образлилик, экспрессивлик ва эмоционаллик мавжуд бўлиб, нутқнинг асосий вазифаларидан бири маълумот етказишдан ҳам кўра таъсир қилишга эришилади.

Дунё тилшунослигида антропоморфик метафораларнинг илмий ва расмий матнларда ўрганилишига кўпроқ этибор берилади. Жумладан, рус тилшунослари ҳам ўз тадқиқотларида мазкур масалани атрофлича ўрганган. А.В.Мясникова, С.Г.Дудецкая, И.В.Пашкова, Е.Е.Пименова ва Н.О.Самаркина Н.Д.Арутюнова [1], каби кўплаб тилшунослар антропоморфик метафоралар мураккаб коцепцияларни тушунтиришда, атроф-муҳитни тавсифлашда, фикрлаш ва идрок жараёнларида муҳим рол ўйнашини таъкидлайди.

Севиндж Магеррамова метафора киёслашга асосланади, инсон номаълумни маълум билан таққослаши мумкин ва бу унинг объектив ҳақиқатга муносабатини кўрсатади. Азал-азалдан метафоризация, аввало, инсоннинг бевосита муҳитидан энг таникли тушунча ва предметларни ифодаловчи сўзларга нисбатан қўлланилган деб таъкидлайди [2:21].

И.А.Аржанова [3:4] ўз мақоласида инглиз тили иқтисодий нутқида антропоморфик метафоранинг вазифаларига тўхталади. Унинг таъкидлашига кўра, ҳозирги замон инглиз иқтисодий матнларида антропоморфик метафора стилистик жиҳатдан таъсирчан воситалар сифатида тадқиқ этилади. Шу нуқтаи назардан илмий, иқтисодий матнларда коммуникатив-функционал жиҳатдан антропоморфик